



PEMERINTAH DAERAH KOTA CIMAHI
DINAS PENDIDIKAN
SD NEGERI CITEUREUP MANDIRI 3
SUMATIF AKHIR TAHUN (SAT)
TAHUN PELAJARAN 2023-2024



Mata Pelajaran	: Bahasa Sunda	Nama	:
Kelas	: VI (Enam)	No. Absen	:
Hari/Tanggal	: Rabu, 24 April 2024	Waktu	: 90 menit

Baca sing taliti!

Globalisasi

Globalisasi téh hal nu abstrak. Abstrak hartina teu bisa katingali wujudna, teu bisa kapireng sorana, tapi pangaruh jeung akibatna bisa karasa. Globalisasi bisa dihartikeun prosés ngaronjatna hubungan internasional antarnagara di sakuliah dunya. Ku ayana globalisasi, sumebarna barang jeung gagasan beuki gampang. Globalisasi ngalantarankeun hiji nagara bakal gumantung ka nagara séjénna, nagara jeung nagara bakal silih pikabutuh. Dina globalisasi, budaya antarnagara silih pangaruhan. Sakumna aspék kahirupan kapangaruhan ku ayana globalisasi.

Ayana globalisasi katitén dina widang budaya. Bangsa deungeun mangaruhan ka bangsa urang. Sabalikna bangsa urang ogé mangaruhan bangsa deungeun. Contona lagu-lagu nu dihaleuangkeun ku artis mancanagara, dipikawanoh ku urang Indonésia. Sabalikna, batik Indonésia dipikaresep ku bangsa batur. Témpé jeung saté dipikawanohku urang mancanagara.

Dicutat tina RANCAGÉ DIAJAR BASA SUNDA pikeun murid SD/MI Kelas VI

- Globalisasi ngalantarankeun hiji nagara bakal gumantung ka nagara séjénna. Hartina
A. nagara jeung nagara lianna silih pikabutuh C. nagara jeung nagara lianna moal akur
B. nagara jeung nagara lianna silih sigeung D. nagara jeung nagara lianna bakal perang
- Globalisasi bisa dihartikeun prosés ngaronjatna hubungan internasional antarnagara di sakuliah dunya. Ku ayana globalisasi, sumebarna barang jeung gagasan beuki gampang.
Tina bacaan di luhur nu kaasup kecap seserapan tina basa asing nyaéta
A. ngaronjat C. budaya
B. globalisasi D. sumebar
- Tingkesan (kesimpulan) tina bacaan “Globalisasi” di luhur nyaéta
A. globalisasi mawa pangaruh goréng
B. globalisasi mawa pangaruh alus
C. globalisasi mangaruhan sakumna aspék kahirupan di alam dunya
D. globalisasi taya pangaruh nanaon pikeun kahirupan
- Globalisasi ngalantarankeun mekarna kabeungharan kecap basa daérah jeung basa Indonésia. Kecap-kecap anu taya sasaruana dina basa Indonésia/Sunda ditarima jadi kecap serepan.
Di handap ieu nu mangrupa kecap serepan nyaéta
A. globalisasi, populér, bisnis
B. globalisasi, artikel, budaya
C. populér, bisnis, kapal
D. populér, kapal, budaya
- Salah sahiji kecap serepan nyaéta *email*.
Kalimah nu luyu pikeun kecap serepan di luhur aya dina kalimah
A. Ayeuna mah ngirim surat téh cukup maké *email*.
B. Ngirim surat ngagunakeun *email* mah bakal leuwih lila nepina ka nu dituju.
C. Nu bisa ngagunakeun *email* ukur anu cicing di kota.
D. *Email* mah teu kudu maké jaringan *internét*.
- Kecap serepan *bisnis* asal kecapna nyaéta *business*, nu asalna ti nagara
A. Walanda
B. Perancis
C. Spanyol
D. Inggris

7. Di handap ieu mangrupa gambar barang nu dipaké dina mangsa katukang jeung mangsa kiwari. Kalimah nu luyu jeung gambar di handap nyaéta



- A. Baheula mah surat téh ditulis dina keretas, ayeuna mah diketik.
 B. Baheula mah ngetik téh maké mesin ketik, ayeuna mah aya léptop nu leuwih canggih.
 C. Mesin ketik jaman ayeuna geus teu kapaké.
 D. Léptop mah hargana mahal pisan.
8. Jaman kiwari mah mun sono ka dulur nu pajaah tempatna jeung urang, teu kudu susah deui ngirim ... babari waé ukur maké ... geus bisa ngobrol jeung manéhna. Kecap nu luyu pikeun ngeusian titik-titik dina kalimah rumpang di luhur nyaéta
- A. duit, transfer
 B. surat, transfer
 C. duit, telepon
 D. surat, telepon
9. Susun kecap-kecap di handap nepi ka jadi kalimah nu merenah!
- pintonan – mah – aya – *télévisi* – guru – dina – ngajar – nuju – ayeuna – téh
- A. Dina *télévisi* ayeuna mah aya guru nuju ngajar pintonan téh
 B. Ayeuna mah dina *télévisi* téh aya pintonan guru nuju ngajar
 C. Ayeuna téh dina *télévisi* aya pintonan guru mah nuju ngajar
 D. Dina *télévisi* mah ayeuna téh aya pintonan guru nuju ngajar.
10. Titénan kalimah-kalimah di handap!
- (1) Dina Olimpiade Rio de Jenairo, kostum (pakéan) kontingén Indonesia dina upacara bubuka, dipikaresep ku urang mancanagara.
 (2) Urang deungeun raresepeun kana angklung, tembang cianjuran, jaipongan, wayang, jeung nu lianna.
 (3) Kostum Indonésia jadi kostum pavorit harita.
 (4) Kabudayaan urang dipikawanoh ku balaréa di mancanagara ku ayana globalisasi. Runtuyan kalimah nu bener tur merenah nyaéta
- A. (1) – (2) – (3) – (4)
 B. (4) – (2) – (1) – (3)
 C. (1) – (4) – (3) – (2)
 D. (4) – (1) – (2) – (3)

11. Sajak
VIRUS CORONA
 Karya: Rizky Aditya

Corona
Mahluk alit ciptaan allah
Mahluk nu bisa ngagoncang dunya
Mahluk nu nyieun saha waé jelema waspada
Corona
Sapék anjeun datang
Kahirupan manusa teu tenang
Sagala kasusah daratang
Cukup dugi kadiéu
Mangga anjeun mulang
Mulang ka tempat asal
Méh manusa bisa tenang

Dina sajak di luhur aya pada (bait) anu murwakanti (sora hurup vokalna sarua di tungtung kalimah), nyaéta ...

- A. pada kahiji
 B. pada kadua
 C. pada katilu
 D. pada kaopat
12. Tina sajak di luhur, kalimah nu ngandung makna konotatif aya dina kalimah
- A. mahluk nu bisa ngagoncang dunya
 B. kahirupan manusa teu tenang
 C. sagala kasusah datang
 D. mangga anjeun mulang
13. Sajak “Virus Corona” nyaritakeun ngeunaan
- A. panyakit flu
 B. corona nu loba mangpa’atna
 C. sasalah (wabah) virus corona
 D. corona amitan rék mulang

14. *Mangga anjeun mulang*
Mulang ka tempat asal
Méh manusa bisa tenang
 Sinonim kecap **mulang** nyaéta
 A. indit
 B. mios
 C. angkat
 D. balik
15. Wulan : “Dupi jenengan Ibu saha?
 Bu Tuti : “Sebat waé Tuti, Ném.”
 Wulan : “Tos sabaraha lami Ibu ngadamelan peuyeum ketan téh?”
 Bu Tuti : “Tos lami, Ném. Aya kana tilu puluh taunan, ti kawit Ibu sakola kénéh. Neraskeun usaha sepuh ibu ieu gé.”
 Wulan : “Euleuh, tos lami ogé ning. Dupi ngadamelna sesah teu, Bu?”
 Bu Tuti : “Ah, gampang, Ném. Asal keyeng wéh..”
 Paguneman di luhur mangrupa wawancara ngeunaan
 A. wirausaha dagang peuyeum ketan
 B. meuli peuyeum ketan
 C. ngamimitian wirausaha
 D. diajar nyieun peuyeum ketan
16. Wulan : “Tos sabaraha lami Ibu ngadamelan peuyeum ketan téh?”
 Bu Tuti : “Tos lami, Ném. Aya kana tilu puluh taunan, ti kawit Ibu sakola kénéh. Neraskeun usaha sepuh ibu ieu gé.”
 Wulan : “Euleuh, tos lami ogé ning.”
 Nu kaasup kalimah tanya dina wawancara di luhur nyaéta
 A. “Euleuh, tos lami ogé ning.”
 B. “Tos sabaraha lami Ibu ngadamelan peuyeum ketan téh?”
 C. “Aya kana tilu puluh taunan.”
 D. “Tos lami, Ném.”
17. Nani : “Punten, dupi padamelan Bapa téh naon?”
 Pa Asép : “Ah, bapa mah ukur buburuh tani, Ném.”
 Nani : “Dupi yuswa Bapa sabaraha taun?”
 Pa Asép : “Taun ayeuna téh mun teu salah mah nincak tujuh puluh taun.”
 Nani : “Euh, kutan. Sing séhat, nya Pa.”
 Pa Asép : “Aamiin. Nuhun, Ném.”
 Nu kaasup kana kalimah wilangan dina paguneman di luhur nyaéta
 A. “Dupi yuswa Bapa sabaraha taun?”
 B. “Ah, bapa mah ukur buburuh tani, Ném.”
 C. “Taun ayeuna téh mun teu salah mah nincak tujuh puluh taun.”
 D. “Punten, dupi padamelan Bapa téh naon?”
18. Pa Dadang téh pakasabanana janten kuli panggul di Pasar Atas.
 Kalimah di luhur lamun dirobah jadi kalimah tanya anu miboga hasil jawabanna kuli panggul, nyaéta
 A. Saha nu jadi kuli panggul di Pasar Atas téh?
 B. Di mana Pa Dadang digawéna?
 C. Naon pakasaban Pa Dadang téh?
 D. Sabaraha lila Pa Dadang jadi tukang kuli panggul?
19. Titénan paguneman di handap!
 Yani : “Punten, dupi jenengan téh saha?”
 Hani : “... abdi mah Hani.”
 Kecap nu luyu pikeun ngeusian titik-titik di luhur nyaéta
 A. Wasta
 B. Jenengan
 C. Ngaran
 D. Pun
20. Kalimah wilangan nyaéta kalimah nu di jerona ngandung kecap-kecap wilangan.
 Anu kaasup kana kalimah wilangan di handap ieu nyaéta
 A. Pa Asép téh buburuh kuli panggul di Pasar Atas.
 B. Pa Asép yuswana tos tujuh puluh taun.
 C. Pa Asép didamelna di Pasar Antri.
 D. Pa Asép gaduh putra nu namina Jajang.
21. Balantik téh istilah kawirausahaan nu hartina dagang leuleutikan.
 Kalimah tanya tina pedaran di luhur nyaéta
 A. Muka balantik mah teu butuh modal nu gedé.
 B. Saha di sabudeureun hidep nu boga usaha balantik?
 C. Naon anu dimaksud balantik téh?
 D. Mang Udin mah muka usaha balantik di imahna.

22. Duit nu dipaké pikeun ngamimitian usaha dagang disebut
 A. bati C. jinis
 B. modal D. balik jinis
23. Bu Dini téh padamelanana ngawulang di sakola. Unggal dinten teu weléh tepang sareng murangkalih nu janten muridna.
 Padamelan Bu Dini nyaéta
 A. pulisi C. guru
 B. pamayang D. dokter
24. ngala – pamayang – laut – mah – pakasaban – lauk – di
 Kecap-kecap di luhur lamun diruntuykeun ngajadi hiji kalimah
 A. Pakasaban pamayang mah ngala lauk di laut.
 B. Pakasaban ngala lauk mah pamayang di laut.
 C. Pamayang mah ngala lauk pakasaban di laut.
 D. Pakasaban di laut pamayang mah ngala lauk.
25. Paribasa nyaéta kalimah anu ungkarana mangrupa siloka dina kahirupan sapopoé. Salah sahiji paribasa téh nyaéta **hayang nyapéék, kudu ngoprék** anu hartina
 A. Usaha nu terus-terusan dilakukeun geus pasti bakal aya hasilna.
 B. mun hayang dahar, kudu usaha digawé.
 C. Kudu nyéngcélengan.
 D. mun hayang dahar kudu uprak-oprék heula.
26. **Usaha nu terus-terusan dilakukeun geus pasti bakal aya hasilna** mangrupa harti tina paribasa
 A. cikaracak ninggang batu laun-laun jadi legok.
 B. hayang nyapéék kudu ngoprék
 C. hadé tata hadé basa
 D. kuméok méméh dipacok
27. Harti paribasa **halodo sataun lantis ku hujan sapoé** nyaéta
 A. kahadéan nu loba leungit kulantaran kagoréngan saeutik
 B. goréng haté
 C. pinter ngomong
 D. loba bengong
28. Nunung : “Nang, ari Nanang badé ngiringan karyawisata?”
 Nanang : “ Anu ka derentén téa, nya? Insya Allah badé ngiring.”
 Nunung : “Waktosna téh iraha, nya? Abdi hilap deui.”
 Nanang : “Pami teu lepat mah saparantos ujian, Nung.”
 Nunung : “Euh, muhun atuh. Sip, lah!”
 Paguneman di luhur nyaritakeun ngeunaan
 A. kerja bakti di sakola C. karyawisata sanggeus ujian.
 B. ujian sakola D. moal milu sabab teu boga duit.
29. *Sakitu nu tiasa kapihatur dina danget ieu. Mugia pedaran ngeunaan cara ngajaga kaséhatan dina mangsa sasalad ieu aya mangpa'atna. Mugi urang sadayana salawasna dipaparin kaséhatan tur kasalametan.*
 Paragraf di luhur mangrupa bagéan . . . tina biantara.
 A. Bubuka C. panutup
 B. eusi D. hiburan
30. Kalimah nu nandakeun yén biantara dipungkas nyaéta kalimah
 A. Wilujeng sumping ka ibu sareng bapa guru sadayana.
 B. Ngajaga kaséhatan téh kalintang pentingna.
 C. Sakitu nu tiasa kapihatur dina danget ieu.
 D. Ibu, bapa guru nu dipihormat.
31. Dina bagéan bubuka biantara, biasana sok dimimitian ku kalimah....
 A. Wilujeng sumping ka ibu sareng bapa guru sadayana.
 B. Ngajaga kaséhatan téh kalintang pentingna.
 C. Sakitu nu kapihatur dina danget ieu.
 D. Ibu, bapa guru nu dipihormat.

32. Hal-hal penting nu kudu diperhatikeun nalika urang biantara nyaéta
- ngucapkeun salam, paroman kudu soméah, lentongna kudu merenah, sora lalaunan, kudu loba direumbeuy basa asing.
 - ngucapkeun salam, paroman kudu soméah, lentongna kudu merenah, sora tarik gogorowokan, kudu loba direumbeuy basa asing
 - ngucapkeun salam, paroman kudu jamedud, lentongna kudu merenah, sora kudu écés tur jéntré, ulah loba teuing direumbeuy basa asing
 - ngucapkeun salam, paroman kudu soméah, lentongna kudu merenah, sora kudu écés tur jéntré, basana kudu kaharti.
33. *Para wargi, sakumaha ku urang kauninga, réhna usaha pikeun ngaronjatkeun kaséhatan masarakat téh kacida lega ambahanana. Jalaran kitu, dina ieu kasempetan baris dipedar sapalihna anu ku urang tiasa dipilampah nyaéta perkawis gizi, sanitasi lingkungan, sareng olah raga.*
Téks biantara di luhur medar ngeunaan
- kadaharan
 - lingkungan
 - kabersékaan
 - kaséhatan masarakat
34. Mugi urang sadayana **salawasna** dipaparin kaséhatan tur kasalametan.
Sinonim kecap salawasna nyaéta
- sagancangna
 - samentara
 - salamina
 - sakuduna
35. Kecap-kecap di handap nu kaasup kana istilah kaséhatan nyaéta
- vitamin, gizi, sanitasi, suntik
 - vitamin, email, sanitasi, suntik
 - gizi, email, sanitasi, vaksin
 - gizi, corona, email, vitamin
36. Kalimah nu ngagunakeun istilah kaséhatan aya dina kalimah
- Hayu urang ngajaga lingkungan sangkan beresih tina runtah!
 - Ayeuna mah murid sakola téh diajarna kedah nganggo internét.
 - Masyarakat kudu divaksin pikeun ngajaga sumebarna covid-19.
 - Lamun keyeng tangtu pareng.
37. Dokter keur mariksa pasén nu aya di rohangan IGD.
Kalimah tanya nu luyu pikeun kalimah di luhur nyaéta
- Kunaon pasén asup ka IGD?
 - Saha nu keur mariksa pasén téh?
 - Saha ngaran dokter nu mariksa pasén téh?
 - Aya sabarahiji pasén nu keur dipariksa?
38. Barudak sakola ulah poho migawé PR ti sakola. Lamun teu dipigawé moal boga peunteun ti bu guru.
Balukarna urang moal bisa naék kelas. Tinangtu urang bakal kaéran ku babaturan.
Dina kalimah di luhur anu mangrupa kalimah kaayaan nyaéta
- Barudak sakola ulah poho migawé PR ti sakola.
 - Lamun teu dipigawé moal boga peunteun ti bu guru.
 - Balukarna urang moal bisa naék kelas.
 - Tinangtu urang bakal kaéran ku babaturan.
39. Titénan kalimah-kalimah di handap! Kalimah nu merenah cara nulis éjahanana nyaéta
- Sadayana unsur gizi téh kedah kacumponan. Teu kedah awis-awis.
 - sadayana unsur Gizi téh kedah kacumponan. Teu kedah awis-awis.
 - Sadayana unsur gizi téh kedah kacumponan, teu kedah awis-awis.
 - Sadayana unsur Gizi téh kedah kacumponan, Teu kedah awis-awis.
40. Pa sumarna téh carogéna bu sari anu bumina caket sareng bumi pa lurah harun.
Cara nulis éjahan dina kalimah di luhur can merenah, kuduna
- Pa sumarna téh carogéna Bu sari anu bumina caket sareng bumi Pa lurah Harun.
 - Pa sumarna téh carogéna Bu Sari anu bumina caket sareng bumi Pa Lurah Harun.
 - Pa Sumarna téh carogéna Bu Sari anu bumina caket sareng bumi Pa Lurah Harun.
 - Pa Sumarna téh Carogéna Bu Sari anu bumina caket sareng bumi Pa lurah Harun.

